



A National PTA® Initiative

The  
*Center for Family  
Engagement*®

Fasilité Sesyon Deba  
Kominotè:  
YON GID POU APP YO

# Entwodiksyon

## Kisa yon sesyon deba kominotè ye?

Yon sesyon deba kominotè oswa gwoup refleksyon rasanble yon gwoup moun ansanm pou diskite sou yon pwoblèm espesifik. Yon APP ka vle òganize yon sesyon deba pou jwenn kòmantè sou pwogram oswa inisyativ espesifik yo, diskite sou yon dènye evènman kominotè, oswa tou senpleman ofri yon opòtinite pou fanmi yo pataje panse ak lide yo. Sesyon deba a yo dekri nan gid sa a konsantre sou jwenn remak sou komunikasyon divès fanmi ak lekòl la, patikilyèman an rapò ak devlopman kapasite sosyal, emosyonèl ak lòt kapasite pitit yo a. Gid la gen ladan I tou yon sondaj fèmen pou distribye bay patisipan yo.

## Poukisa yo òganize yon sesyon deba kominotè?

Sesyon deba yo bay fanmi yo opòtinite pou yo eksprime opinyon yo, pataje lide epi rakonte istwa yo. Sa enpòtan pou APP w la paske yo pèmèt yo jwenn remak itil epi yo angaje kominote a nan yon diskisyon enpòtan.

Echanj sa yo ak fanmi nan kominote w la ap ede APP w la ofri opòtinite angajman fanmi yo pou plis chanjman. Kat lèt ('i ann anglè) ki nan angajman fanmi yo pou chanjman yo dekri ki jan APP w la ka amelyore pratik li yo pou vin plis enklizif **"inclusive"**, pèsonalize **"endividualized"**, entegre **"integrated"**, pisan **"impactful"** nan apwòch pa w sou angajman fanmi.

Sesyon deba kominotè sa yo ap ede w espesyalman ...

- ▶ Detèmine fason fanmi aktyèl yo angaje yo ak lekòl pitit yo epi pwofesè yo
- ▶ Chache konnen fason fanmi yo ta renmen asosye yo ak lekòl pitit yo epi pwofesè yo
- ▶ Aprann fason APP w la ka pi byen sèvi bezwen fanmi yo nan lekòl ou a ak nan distri w la
- ▶ Bay lidè lokal yo ak moun ki gen enterè yo enfòmasyon sou angajman fanmi ki ka enterese yo nan devlope patenarya kominotè yo

## Kat lèt nan angajman fanmi yo pou chanjman

**Enklizif (Inclusive)** - APP yo envite pèspектив divès, mete an kesyon sipozisyon yo epi bati yon seri relasyon entansyonèlman.

**Pèsonalize (Individualized)** - APP yo reyaktif, pèsonalize efò sansibilizasyon yo epi yo ofri eksperyans ki byen prepare pou satisfè bezwen inik chak fanmi.

**Entegre (Integrated)** - APP yo ale pi lwen pase yon evènman inik, li asosye travay yo a ak aprantisaj epi kolabore ak edikatè yo.

**Pisan (Impactful)** - APP yo ede fanmi yo devlope konesans yo ak kapasite yo, ofri yo opòtinite pou pratike epi entèraji, annapre yo ranmase remak yo pou mezire siksè yo.

**ENKLIZIF**  
Aksepte epi valorize divès pèspектив.



**PÈSONALIZE**  
Satisfè bezwen inik chak fanmi ak pitit yo.



**ENTEGRE**  
Koneksyon ak adaptasyon ak sistèm edikasyon an.



**PISAN**  
Kapasite fanmi yo pou kore siksè pitit yo.



# Konsèy pou Planifye yon Sesiyon Deba Kominotè

## ✓ **Chwazi yon Kote.** Jwenn yon kote ki konfòtab, fasil pou jwenn.

### ► Keson pou konsidere:

- Èske gen ase espas pou 8-12 patisipan yo chita alèz?
- Èske kote a pratik e aksesib pou transpò publik?
- Èske kote a aksesib pou chèz woulant? (ranp, asansè, pòt otomatik, elatriye)
- Èske patisipan yo pral kapab tandem fasilman epi wè youn lòt? (ekleraj, akoustik, elatriye)

► Chwazi yon ti ankourajman pou patisipasyon yo (egzanp, yon kat kado, manje, raf, elatriye)

► Elimine obstak pou patisipasyon yo

- Bay transpò oswa bon pou transpò publik
- Bay gadri pandan evènman an

► Voye yon tèks rapèl jou anvan, mande patisipan yo pou konfime prezans yo

## ✓ **Prepare w epi Akeyi Moun yo.**

Kreye yon anviwònman enklizif e kirilaks.

► Rive bonè pou asire w espas la pare

► Afiche siy pou fasilité yo jwenn chanm nan

## ✓ **Remèsye Patisipan w yo.** Voye yon imèl remèsiman pou chak patisipan epi ankouraje yo rete enplike.

## ✓ **Chwazi yon Moman pou Rankontre.** Chak gwoup refleksyon ap dire 90 minit.

### ► Keson pou konsidere:

- Kilè yo k ap pi bon pou patisipan w ap eseye angaje yo?
- Kilè k ap pi fasil pou w jwenn lokal la? (konsidere trafik, pakin, elatriye)
- Èske moman w ap chwazi a toupre lè pou moun manje? Si se konsa, asire w ke ou bay manje.

## Konsèy

Panse akeyi gwoup  
refleksyon an anmenm tan  
ak yon lòt evènman  
kominotè ke fanmi yo deja  
planifye patisipe!

## ✓ **Devlope yon Estrateji Rekritman pou Maksimize Patisipasyon yo.**

Kreye yon plan pou kontakte fanmi yo.

- Detèmine publik sib ou a
- Rete konekte avèk patnè lokal ki ka ankouraje publik sible a ale nan sans opòtinite a
- Mennen yon kapay sensibilizasyon pèsonalize pou envite patisipan yo (nou rekòmande pou kòmanse avèk yon apèl telefòn, gade tèks ki pi a)

# Apre Sesyon Deba W la

**Analize done yo.** Ou pa bezwen yon ekspè nan estatistik pou fè analiz done yo. Revize nòt ou te pran nan sesyon deba a epi idantifye tèm kle, tandans ki repete nan kòmantè yo ak sijè preokipasyon ki pèsitan yo. Gade sondaj yo pou wè ki jan fanmi yo te reponn a chak kesyon. Èske te gen yon seri gwo diferans nan chif yo oswa yo te koyeran? Panse pou w fè yon dosye Excel pou tout done sondaj yo epi kalkile mwayèn pou chak kesyon. Rezime sa w jwenn yo nan kèk boul oswa paj dyapozitif pou prezante bay lòt moun yo.

**Kontakte entèvenan kle yo.** Yonfwa w fin konpile kòmantè ak enkyetid fanmi yo, mande tèt ou ki moun ki prensipal aktè ki ka ede w rezoud kèk nan pwoblèm sa yo. Pataje rezulta w yo avèk direktè lekòl la, siveyan, konsèy administrasyon lekòl la, konsèy minisipal, konsèy administrasyon APP w la/manm ak lidè lòt òganizasyon patnè w yo. Sèvi ak tan an kòm yon opòtinite yo eksplore avni potansyèl pou kolaborasyon.

**Al jwenn patisipan sesyon deba w yo.** Li enpòtan pou re-angaje ak patisipan sesyon deba w yo pou pataje rezulta w avèk yo. Epi envite yo rete enplike epi pa ezite kontakte APP. Itilize fèy pou suivi patisipan gwoup refleksyon an pou pran enfòmasyon sa yo.

# Tèks Modèl pou Envite Patisipan yo

Bonjou, mwen se [NON] nan APP [Non APP]. Mwen rele pou envite w patisipe nan pwochen sesyon deba nou an. APP nou an te resevwa yon sibvansyon nan men APP Nasyonal la pou chita tande fanmi yo dirèkteman sou fason yo vle angaje yo nan edikasyon pitit yo a. Nou rele w pou envite w fè pati sesyon deba sa a lè w patisipe nan yon diskisyon 90 minit avèk lòt fanmi yo. Nou gen enfòmasyon kontak ou paske [moun/òganizasyon] ap ede nou kontakte fanmi yo nan kominote nou an.

Gwoup refleksyon an ap òganize [DAT & LÈ] nan [KOTE] epi w ap resevwa [mete ankourajman an isit la] pou patisipasyon w. Anplis, ap gen gadri. Gwoup refleksyon an ap dire apeprè 90 minit e patisipasyon w ap ede nou jwenn enfòmasyon nou bezwen pou ranfòse fanmi yo nan kominote nou an. Èske w ka patisipe avè n?

## Si wi...

"Bon bagay. Mwen vrèman apresye sa. Mwen gen kèk kesyon ankò anvan m anrejistre w nan gwoup refleksyon an."

"Èske gen nan pitit ou yo k ap ansanm ak ou? Si wi, konbyen?"

"Èske w konn kijan pou w ale nan [KOTE A]? Èske w ta renmen m voye kèk enfòmasyon sou adrès la?"

"Èske w bezwen yon woulib oswa yon koupon pou transpò?"

"Ki pi bon fason pou voye yon rapèl ak dènye detay yo pou patisipe nan gwoup refleksyon an? Imèl oswa telefòn?"

Mèsi ankò paske w aksepte pataje pèspektiv ou sou distri lekòl nou an e APP ka pi byen angaje fanmi yo nan edikasyon timoun yo! Mwen konfime ke w ap patisipe nan gwoup refleksyon k ap fèt [DAT] nan [KOTE A] ak ke nou pral bay [DETAY SOU GADRI PITIT OU AK/OUBYEN DETAY SOU TRANSPÒ].

## Si Non...

"Oke, mèsi pou tan w. Mwen espere wè w nan yon lòt evènman alavnil!"

## Voye yon rapèl!

Voye yon mesaj tèks kòm rapèl bay patisipan yo 24-48 èdtan anvan sesyon deba a epi fè yo konfime prezans yo. Men yon modèl tèks mesaj pi ba a.

"Sesyon deba kominotè [Non APP a] ap fèt demen a [LÈ] nan [KOTE A]. Tanpri reponn 'W' konfime w ap la!"

# Gid pou fasilitatè a

Chwazi yon fasilitatè moun fè konfyans nan kominote w la epi fè yo sèvi ak Gid Fasilitatè nou an pou dirije konvèrsasyon an.

**Ajanda** (75 min.)

**Pawòl Byenveni ak Entwodiksyon** (5 min.)

**Misansèn** (5 min.)

**Aktivite Ankadreman** (15 min.)

**Kesyon & Diskisyon an Gwoup** (25 min.)

**Aktivite Kloti** (15 min.)

**Fèmti ak Remèsiman** (3 min.)

**Sondaj Final** (7 min.)

## Pawòl Byenveni & Entwodiksyon (5 min.)

**A.** Entwodiksyon: Non, laj timoun yo epi nan ki lekòl yo ye

**B.** Objektif reyinyon nou an aswè a (2 min.)

► Plizyè dizèn ane rechèch nasyonal yo pwouve angajman fanmi an trè enpòtan pou timoun yo reyisi lekòl la. Siksè sa a ka defini plizyè fason. Anjeneral, nou panse ak inivèsitè yo, men nou konnen w ap enkyete sou tout kalite bagay sa yo pou pitit ou yo. Nou tout vle pou timoun nou yo kontan, an sante, konfyan, respekte moun, elatriye. Nou vrèman ta renmen konnen kijan ou vle patenarya ant ou menm ak lekòl ou a ap eseye fè pitit ou bay tout li menm.

► Rechèch yo montre tou ke gen kèk kalite angajman ki gen plis enpòtans anrapò ak siksè sosyal, emosyonèl ak akademik elèv yo. APP a vle pi byen konprann eksperyans pèsonèl **PA W** pou gide siksè lekòl pitit ou pou wè si li koresponn ak done nasyonal yo.

► Poukisa? Konsa, ansanm nou ka konprann eksperyans lokal ou yo epi ede enfòme travay nasyonal la nan sa ki konsène bezwen fanmi yo pou rive ede pitit ou reyisi.

**C. Estrikti ak Pwotokòl** (2 min.)

Pou ede nou aprann pi byen, nou pral fè twa bagay ansanm aswè a.

1. Nou pral fè yon aktivite ki pral ede byen planète espwa w pou pitit ou a.
2. Annapre, nou pral apwofondi l lè nou kon-santre sou eksperyans avèk pwofesè pitit ou yo.
3. Finalman, nou gen yon sondaj tou kout nan fen an pou konekte eksperyans ou yo ak pwo-chèn etap lokal yo

**D. Akò an Gwoup** (1 min.)

Kreye yon espas ki an sekirite: Pale de pwòp eksperyans ou, kenbe konfidansyalite, evite rezoud pwoblèm, jodi a nou jis isit la pou koute. Si n ap rapòte kòmantè nou yo, sa pap fèt ak non w oswa nenpòt ki lòt enfòmasyon ki ka idantifye w. Kesyon oswa enkyetid? Ann kòmanse!

## Aktivite ankadreman (20 min.)

Nou pral fè yon aktivite pou ede nou pi byen konprann sa w vle nan eksperyans lekòl pitit ou a. Mwen pral poze nou kèk kesyon e mwen ankouraje nou bay repons pa nou. Mwen pral ekri repons nou yo sou papye an tablo a epi nou pral revize yo pandan tout diskisyon nou an.

- Ki kalite gramoun nou vle pitit nou yo devni?
- Kijan nou vle yo aji?
- Ki kalite nou vle yo genyen?

Kounye a ke nou gen yon bon lis, mwen pral li mo ak fraz sa yo, e mwen vle nou reflechi sou fason pwofesè pitit ou yo rive fè pou anseye oswa ranfòse yo chak nan domèn devlopman pa yo. Si ou kwè sa yo se domèn priyrite pou pwofesè pitit ou yo, e yo fè yon travay ekselan, leve twa dwèt, si li pa yon priyrite e pwofesè yo pa devlope kapasite sa yo ditou, leve youn. Si li antrede, oswa konsa-konsa, leve de dwèt.

W ap remake ke mo ak fraz sa yo gen ladan yo plis pase sijè akademik tradisyonèl tankou lekti, ekri ak matematik. Lòske lekòl yo pouse devlopman elèv yo ale pi lwen pase aktivite akademik yo, lè yo konsantre sou devlopman sosyal ak emosyonèl, mantal, devlopman idantite nan fason ke nou te mansyone yo, nou rele sa aprantisaj konplè. Diskisyon jodi a pral konsantre sou fason pwofesè pitit ou yo kolabore avèk ou sou devlopman pitit ou a nan fason sa yo.

## Kesyon & Diskisyon an Gwoup (25 min.)

- A. Panse ak pwofesè pitit ou a pi renmen an.
  - Kijan w ta ka dekri fason ou menm ak pwofesè sa a te kominike?
  - Kisa ki te fè li pozitif pou ou?
  - Kijan ou menm ak pwofesè w la kominike?
  - Sou kisa nou te pale?
  - Kijan w t ap dekri sou kisa pwofesè sa a te konsantre nan klas la? Kijan w te fè konnen?
  - Kòman w t ap dekri fason pwofesè sa a te sipòte pitit ou a? Kijan w te fè konnen?
  - Èske w ka panse ak konvèsasyon ou te genyen ak pwofesè sa a sou sijè akademik ak konpetans lavi a?
- B. Panse ak yon pwofesè pitit ou a te gen difikilte ak li nan lekòl la.
  - Kijan w ta ka dekri fason ou menm ak pwofesè sa a te kominike?
  - Ki sa ki te fè li difisil pou ou?
  - Kijan ou menm ak pwofesè w la kominike?
  - Sou kisa nou te pale?

- Kijan w t ap dekri sou kisa pwofesè sa a te konsantre nan klas la? Kijan w te fè konnen?
- Kòman w t ap dekri relasyon pwofesè sa a avèk pitit ou a? Kijan w te rive konnen?
- Èske w ka panse ak entèraksyon w ak pwofesè sa a sou sijè alafwa akademik ak konpetans lavi a?

## Aktivite Kloti (15 min.)

Ann fè yon gade dèyè nan lis nou te kreye anvan sa [Reli kèk nan egzanp/domèn yo]. Kijan w ta renmen angaje nan diferan domèn aprantisaj sa yo? Kijan w ta renmen kolabore ak pwofesè pitit ou a nan domèn sa yo?

Pandan w ap pataje opinyon w, kòmanse fraz ou a ak "Mwen mande," "Mwen swete" oswa "Mwen vle" epi m ap ranpli tablo an papye a. Mwen pral kite makè sa yo sou kote pou apre sesyon nou an, konsa, ou ka ajoute yo sou afich yo anvan w kite espas la.

## Remèsiman & Fèmti (3 min.)

## Sondaj (7 min.)

**REMAK:** Tanpri fè patisipan yo mete sondaj yo a nan yon gwo anvlop lè yo fini. Pou garanti konfidansyalite, pa kolekte sondaj yo alamen.

# Kesyonè Nasyonal sou Angajman Fanmi yo nan APP ak Aprantisaj Konplè pou Timoun

APP Nasyonal ta swete pi byen konprann sou pwennvi w sou edikasyon pitit ou a ak patisipasyon pa w. Tanpri pran senk minit pou ranpli tou kout kesyonè sa a. Repons ou yo ap rete anonim e konfidansyèl epi yo pap asosye ak non w oswa nenpòt ki lòt enfòmasyon ki ka idantifye w epi yo pa pral pataje yo andeyò APP Nasyonal la.

**Fè yon ti wonn sou kantite ki pi koresponn ak nivo akò w la avèk chak deklarasyon.**

	Pa dakò ditou	Dakò	Ni dakò ni pa dakò	Dakò	Dakò nètale
Lekòl ki nan distri nou an valorize enpòtans pou konnen chak elèv kòm yon moun.	1	2	3	4	5
Lekòl ki nan distri nou an apresye patenarya avèk fanmi yo.	1	2	3	4	5
Lekòl nan distri nou an bay priorite ak sante mantal ak byennèt elèv yo.	1	2	3	4	5
Lekòl nan distri nou an bay priorite ak sante fizik ak byennèt elèv yo.	1	2	3	4	5
Lekòl nan distri nou an gen bon jan resous (finansman, fasilitè, pèsonèl, elatriye) pou enplike fanmi yo.	1	2	3	4	5
Lekòl nan distri nou an ofri yon kourikoulòm enteresan.	1	2	3	4	5
Lekòl nan distri nou an bay priorite ak sekirite elèv yo.	1	2	3	4	5
Lekòl nan distri nou an bay bon jan enfòmasyon sou aprantisaj timoun ak pwogrè nou yo.	1	2	3	4	5
Lekòl nan distri nou an bay bon opòtinite pou patisipe nan edikasyon pitit nou yo.	1	2	3	4	5

## Tanpri reponn kesyon demografik annapre yo:

### Èske w se yon manm APP?

- Wi
- Non
- Pa sèten

### Ki sèks ou?

- Gason
- Fi
- Prefere idantife tèt mwen \_\_\_\_\_

### Ki laj ou?

- Mwens ke 18
- 18-24
- 25-34
- 35-44
- 45-54
- 55+

### Ki ras ou?

(tanpri chwazi tout sa ki aplike yo)

- Afriken Ameriken oswa Nwa
- Azyatik oswa Zile Pasifik
- Blan
- Latino/oswa Ispanik
- Ameriken Endyen
- Lòt

### Ekri kantite timoun ou genyen nan chak klas

#### annapre yo:


- \_\_\_\_\_ Poko nan gadri
- \_\_\_\_\_ K – 5yèm ane
- \_\_\_\_\_ 6yèm - 8yèm ane
- \_\_\_\_\_ 9yèm - 12yèm ane

### Ki nivo edikasyon w?

- Mwens pase yon sètifica etid segondè
- Diplòm lekòl segondè oswa ekivalan (egzanp, GED)
- Kèk lekòl profesyonèl men san diplòm
- Diplòm Asosye
- Diplòm Lisans
- Diplòm Etid Siperyè

### Ki revni moun lakay ou?

- Mwens ke \$20,000
- \$20,000 rive \$34,999
- \$35,000 rive \$49,999
- \$50,000 rive \$74,999
- \$75,000 rive \$99,999
- plis pase \$100,000



[METE LOGO APP W LA]

## Suivi pou Patisipan nan Sesyon Deba yo

Èske w enterese rete angaje?

- Wi, kontakte m pou m vin yon manm APP
- Wi, ajoute m pou dènye nouvèl yo & lòt aktivite sansibilizasyon yo
- Non mèsi

Si wi...

---

**Non konplè**

**Adrès imèl**

**Telefòn**

Metòd ou prefere yo kontakte w:  Apèl  Tèksl  Imèl